EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# АЛПАМЫС» ДӘСТАНЫНЫҢ ӨГИЗ ЖЫРАЎ ВАРИАНТЫН ҮЙРЕНИЎ БОЙЫНША И.САҒИТОВТЫҢ ИЛИМИЙ ШЕШИМЛЕРИ

**Турдымуратова А.Б.**
Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Өзбек тили, әдебияты ҳәм фольклоры институтының таяныш докторанты,
aqsungul88@gmail.com, Ташкент қаласы.
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.7890074

**ARTICLE INFO**
Received: 25th April 2023
Accepted: 30th April 2023
Online: 01st May 2023
**KEY WORDS**
*Версия, вариант, дәстан, образ, қаҳарман, жанр, изертлеў, мотив, очерк.*

**ABSTRACT**
*Мақалада «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантын үйрениўде И.Сағитовтың пикирлери, илимий шешимлери туўралы баян етиледи.*

Қарақалпақ халық қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў (Хожамберген Нияз улы) варианты илимпазлар тәрепинен коп изертленген вариантлардан болып табылады. «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў варианты бойынша исленген илимий-изертлеўшилик жумысларға көрнекли илимпаз И.Сағитов өз салмақлы үлесин қосты. И.Сағитов 1957-жылы «Шарқ юлдузи» журналының 2-санында «Қорақалпоқ халқ эпоси «Алпомис»га характеристика»[1] мақаласында қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс»тың вариантлары ҳәм соның ишинде Өгиз жыраў вариантына өз алдына тоқтап өтеди. Илимпаздың «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы» деген илимий монографиясының бир бөлими «Алпамыс» үйрениўге қаратылған излениўлерден ибарат болып, дәстанның изертлениўи бойынша И.Сағитов былай деген еди: «Алпамыстың ҳәр қыйлы миллий версияларын салыстырып изертлеў, олардың араларындағы улыўмалықларды ҳәм айырма-өзгешеликлерди ашып көрсетиў иси еледе жеткиликсиз болып киятыр».[2] Анығында да биз толық мәниде версияларды салыстырып изертлеў жумысларын кешиктирип атырған сыяқлымыз. Әсиресе, типологиялық ҳәм генетикалық бағдардағы изертлеўлер өзлериниң әҳмийетлилигине қарамастан, санаўлы ғана қәнийгелер тәрепинен әмелге асырылған ҳәм олар басланғыш этапларын бастан кеширип атыр.

И.Т.Сағитов илимпазлардың тәжирийбелерине сүйенип версияларды өз-ара салыстырып үйрениў хәм изертлеў мәселелеринде «Баянлаўлардың барлық түрлерин анықлаў, ҳәрекеттиң барысын түсинип алыў, ҳәрекеттиң басланыўын, түйинин, раўажланыўын ҳәм ақырғы шешимлерин белгилеп алыў болып табылады»[3] деп

[1] Сағитов.И.Т «Қорақалпоқ халқ эпоси «Алпомис»га характеристика». Тошкент, «Шарқ Юлдузи»,1957-2, 131-б.
[2] Сағитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986, 186-б.
[3] Сағитов И.Т. Сол китапта, 188-б.

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz

көрсетеди ҳәм ол шығармадағы халықлық идеяны толық көлемде ашыўға мүмкиншилик береди. Өйткени шығарманың идеясы оның айырым жерлери менен емес, ал тутасы менен пүткил шығарма арқалы белгиленеди – деген пикир билдиреди.

Илимпаз версияларды салыстырып үйрениў ушын алды менен вариантларды толық үйренип алыў зәрүр. «Эпослық шығармаларды бастан аяқ салыстырып изертлегенде ғана геройдың толық образын халық түсинигиндей етип түсиниўге болады»[4] – деген салмақлы пикир айтады. Ҳақыйқатында да үйренилип атырған объектти билмей турып, оның сюжетлерин, мазмунларын, композициялық өзгешеликлерин анық билмеген ҳалда басқа объект пенен салыстырыў, белгили баслы шешимлерге келиў мүмкин емес. Алымлардың пикиринше «Ҳәр бир вариантқа өзинше әҳмийети бар көркем шығарма ретинде қараў керек, мәселен бир ертекти, еки ертекшиден жазып алсақ, тематикасы ҳәм сюжети жағынан бир-бирине уқсас болса да, екеўи еки басқа шығарма болып шығатуғынына көзимиз жетеди».[5]

И. Сағитов «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантын үйрениў барысында дәстанның биринши бөлиминде сөз етилетуғын Алпамыс пенен Гүлпаршынның туўылыўы, Байбөри ҳәм Байсары байдың жәнжеллесиўи, Байсарының қалмақ елине көшип кетиўи, Алпамыстың қалыңлығын излеўи сапары, Қаражан менен Алпамыстың ортасындағы жекпе-жек гүреси, Гүлпаршынға үйлениў ушын бәйги жарысы, Гүлпаршынға үйленип Байсын елине қайтып келиўи сыяқлы, сюжетлик избе-изликлердеги айырым өзгерислерге сүйенип, қарақалпақ вариантында сюжетлердиң қысқалығы онда Баршынға таласыўшы палўанлар менен гүресиўи, урыс белгилери жоқ екенлигин анықлап өтеди. Өгиз жыраў вариантында дәстанның басқа вариантларында ушыраспайтуғын Жәдигердиң Ултантазды өлтириўи, оның тәрепиндеги тоқсан үйли қуллар менен урысы, бир өзиниң душпанларынан өш алыў эпизодларын вариантлық өзгерис қатарында көреди.[6] Өгиз жыраў вариантындағы айырым өзгешеликлер бойынша өз изертлеўлеринде И.Сағитов оның көркемлик дәрежесине көбирек итибар қаратады. Мәселен «Дәстанда мусылман динин мақтаў ҳәм оны қалмақлардың динине қарама-қарсы қойыўлар жийи ушырасады… Көркемлилиги жағынан Өгиз жыраў варианты жоқары дәрежеде турады. Бунда көркемлиги күшли, сулыў берилген көп ғана қатарлар бар (Гүлпаршынның келбети, жаўшыларға Гүлпаршынның қайтарған жууабы ҳәм т.б.)

Дәстанның бул вариантында улыўма эпослар ушын характерли болған эпикалық қайталаўлар, яғный «Эпикалық клище» деп аталған улыўмалық орынлар көп ушырасады. Мәселен, дәстанда саўашты сүўретлеген қатарлар… дәстанның екинши бөлиминде Алпамыстың қалмақларға қарсы урысқанында усындай сөзлер өзгерместен дерлик тәкирарланған.

Улыўма көркем такирарлаўлар басым орын ийелейтуғынын белгилеп өтеди ҳәм «Бул аҳўал ескиден киятырған эпикалық традицияны қаншелли турақлы сақланып келгенлигин көрсетеди»[7] деген жуўмаққа келеди.

---

[4] Сағитов И.Т. Сол китапта, 189-б.
[5] Соколов Ю.М. Русский фольклор. М. 1941, стр 13.
[6] Сағитов И.Т. Сол китапта, 203-б.
[7] Сағитов И.Т. Сол китапта, 203, 205-бб.

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz

Өгиз жыраў вариантының бир артықмаш жери – бунда басқа вариантлардағыдай, көп сөзлилик, артықмаш деталластырыўлар жоқ... сөзлери, қосықлары, қысқа, ықшамлы өткир мәнили болып келеди.

Өгиз жыраў вариантының тили бай, көркем сүўретлеў қураллары өткир, сулыў. Бул дәстанның күшли жағы. Ал Өгиз жыраў вариантының ҳәлсиз жағы-онда диний тәсирдиң көбирек ушырасатуғынлығы болып табылады. Бундағы геройлардың ис-ҳәрекетлери көбирек диний себеплер менен дәлийленеди. Әўлийе пирлер ўақыяға көбирек араласып отырады... дейди илимпаз.

Бизиң пикиримизше дәстаннан орын алған диний компонентлер батырды қорғаўшы, қыйын-қыстаўлы ўақытлары оған жәрдемге келиўши ғамхоршы фигуралар, яғный халықтың сана-сезимлеринен орын алған қаҳарманлар. Басқа тәрепи менен көпшилик дәстанлар ушын характерли болған қаҳарман (Батыр образын) жаратыўдағы миллий дәстүрли усыллар болып табылады. Тағыда ол дәстан қатламына енген бир неше дәўирлик элементлердиң белгилери болыпта табылады.

И.Т.Сағитов қарақалпақ фольклористикасында «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў варианты тийкарында ҳәм басқада миллий вариантлардағы эпикалық мағлыўматлардың жәрдеми менен «Алпамыс» тың өзбекше версиясын, қазақша версиясын, Алтай эпосы «Алып-Манаш», Башқурт эпосы «Алпамша ҳәм Барсын-Ҳылыў», Татар халық ертеги «Алпамша» менен салыстырып үйрениўде баслама ислеген илимпаз болып табылады. Оның бул бойынша ислеген илимий нәтийжелери фольклористика илиминде бир қатар зәрүр машқалаларды шешиўде пайдасы тийетуғынлығы, илимпазларымызға жакыннан жардем беретуғынлығы сөзсиз.

## References:

1. Сағитов.И.Т «Қорақалпоқ халқ эпоси «Алпомис»га характеристика». Тошкент, «Шарқ Юлдузи»,1957-2, 131-б.
2. Сағитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986, 186-б.
3. Соколов Ю.М. Русский фольклор. М. 1941, стр 13.